# *Открытый урок по аварской литературе в 6 «а» классе.*

***Подготовила: Алиева Н.С.***

*Тема: Расул Х1амзатов «Къункъраби».*

*Мурад: ц1алдохъабазул лъай борхизаби, дарс бич1ч1ун ва г1ат1идго малъи,коч1одалъун хъвараб асар бит1ун,раг1ун,чвахун ц1ализе ругьун гьари,Ват1аналъул намус –ях1 ц1унизе шавкъ бижизаби,метафораялъул х1акъалъулъ бич1ч1и гъварид гьабизе.*

*Алатал: т1ехь,суратал,Расул Х1амзатовасул т1ахьал,къункъраби,хъах1ал шарал,лалучирахъ,г1уч1алт1ам,нек1сияб т1абак1.*

*План:*

1. *Класс дарсиде х1адури.*

*«Каваби рагьила».*

*2.Рокъобе кьун бук1араб т1адкъай хал гьабиялдасан байбихьила дарс.*

*‹Суратал рак1арила,авторасул х1акъалъулъ гара-ч1вари т1обит1ила,Расулил т1ахьазе баян кьела,къокъабго накъит т1обит1ила.*

*3.Ц1ияб дарсил заман.*

*Расул Х1амзатов «Къункъраби».*

*4.Ц1ияб дарс щулалъиялъе т1орит1улел х1аял.*

*5.Дарсил х1асил.*

*6.Рокъобе т1адкъай.«Каваби рахала».*

*Дарсил ин:*

*1.Каваби рагьила,щобил бакъаналда гъоркь ,класс дарсиде х1адурлъила.*

*Рорч1ами,лъимал,г1одор ч1а.Жакъа нилъеца т1обит1изе буго авар адабияталъул рагьараб дарс.Бит1араб жаваб кьурал лъималазе ва суратал рахъарал лъималазе кьела бат1и-бат1иял раг1ул къот1елал.*

*Ассалиму г1алейкум!*

*Саламалъул берцинлъи!*

*Аваразул калам,*

*Гьелъул камиллъи*

*Кинабго черхалда*

*Лъик1лъула ругънал.*

*Къечарасе лъим г1адаб*

*Риидал гьогьен г1адаб.*

*2.Рокъобе кьун бук1араб дарс ц1ехела.*

*Суратал рак1арила,авторасул х1акъалъулъ гара-ч1вари т1обит1ила,Расулил т1ахьазе баян кьела,къокъабго накъит т1обит1ила гьесул хъизамалъул х1акъалъулъ.*

*3.Пасих1го куч1дул рик1к1ина ц1алдохъабаз –рагъул суратал рихьизарила. («Россиялъул солдатал» Расул Х1амзатов).*

*4. «Церерахъин».*

*...Анкьавго г1урус вас,г1азаб кьун, ч1вана,*

*Цо Г1абдулманапов хут1ана нахъе...*

*Киназго: ...Ана г1емер сонал,сверана ихал,*

*Гьал вацал рукъана цого хобалъур*

*Хабада лъураб танк,амру кьурабго*

*Кьалде ине г1адин,эхетун буго.(танкалъул сурат бихьизабила).*

*3.Ц1ияб дарсил заман.*

*Жакъасеб нилъер дарсил тема нилъеда лъазе буго,гьаб т1адкъай нужеца мух1канго т1убазабуни...*

*1-1Предметияб ц1арал лъугьинаре «РА»абураб гьижа-слогалде т1аде жубан цо-цо х1арпги...*

*1-2Прилагательноял- эпитетал ургъе чиясул жинсалъул «Х1»*

*Х1арпалдасан байбихьулел...*

*1-3 Аллитерация , яги гъркьазул такрарлъи бихьизабе.*

*Къуркъбузул канцерт буго*

*Къасумилазул къот1ноб.*

*«Къуркъур» абураб коч1ол*

*Къого куплет ах1ана.*

*Къойил балеб ц1ад буго,*

*Къулг1аги аск1об буго.*

*Къасумилал къасиги.*

*Къуркъбуз сверун ккун руго. (Сурат бихьизабила).*

*4.Къункърабазул суратал рихьизарила,къокъабго гара –ч1вари т1обит1ила.*

*-Кида сайгъат гьабураб кеч1 нилъее Расул Х1амзатовас «Къункъраби ?»*

*-Расул Х1амзатовас метафораялдалъун рагъул темаялъе бич1ч1и гъварид гьаби .(Метафораялъул кумекалдалъун)*

*«Хъах1ал къункъраби» Япониялда ясалъул памятник 1965 сон, гьедин гьелъ асир гьавурав дир шиг1ру хъвазе пикру ккей...*

*5. Муг1алималъул бич1ч1араб, пасих1аб ва мисалияб ц1али.*

*Тетрадазда х1алт1и:*

*6.Рич1ч1уларел раг1абазе баян кьела, словарияб х1алт1и т1обит1ила хъорщодаги хъван,лъималаз тетрадаздаги хъвала.*

*(Т1авап, чит1ир, манзил...)*

*7. Ц1алдохъабазул ц1али, шиг1ру псих1го ва берцинго балъаргъи.*

*8.1.Коч1ол роцен – гьижа ч1езабе.*

*2.Эпитетал рате.*

3.Риторикиял суалал рате.

4.Метафора бихьизабе.

9.Практикияб х1алт1и – балъаргъи.

«Церерахъин» «Хъах1ал къункъраби».(Кеч1 пасих1го ц1али.)

Къункърабазул кьурди – forженалда гъоркь.

...Дида ккола рагъда камурал васал

Кирго рукъун гьеч1ин,къаникь лъун гьеч1ин,

Муг1рул тун рик1к1ада хъах1ил зобазда

Хъах1ал къункърабазде руссун ратилин...

Гьаб коч1ол кьуч1алда Россиялда нусгог1ан памятник бан буго.

Щибаб 8 сентябралда,шаг1ир гьавураб къоялъул х1урматалда к1одо гьабула «Къункърабазул байрам».

Хварал т1аде рахъинарун,нилъехъа бажариларо,амма гьезул гьунаралги бах1арчиял ишалги хвел гьеч1еллъун руго.

Кициги гьеч1ищха,лъимал, «Ват1анияб т1алаб т1обит1улаго, т1ерхьарал ц1вабзазул ц1ар к1оченаро».

(Ц1алдохъабазги рик1к1ина жидедаго лъалел кицаби).

Жакъа нилъеца рек1елъ к1удияб ч1ух1игун,х1урматалда рехсола нилъее гьаб роц1араб дуниял кьурал бах1арзазул ц1арал.

« Хьваг1араб хвалчаца чаран къот1улел

Чамасул кверaлдай ракьулъе ккарал

Кверал къот1аниги,къали багъулел

Къиматаб чан бет1ер чабхилъ т1упараб...»

Нилъер Кутишаб росулъги рук1ана бах1арзал,г1емералт1ад руссинч1о,т1ад руссаралги ккана.

Т1адруссинч1ел ,даим к1очене риччаларо нилъецаги.

*Нилъее бан буго памятник. Рек1ел жиб –жиб к1ут1иялъ баркала кьолеб буго нилъеца гьезие.(Памятникалъул сурат бихьизабила).*

*Кеч1 ах1ила «Памятникалде».*

*Гьелъул архитектор Шейховасулги,*

*Г1асияб рагъдаса вуссинч1о эмен.*

*Киназго цадахъ: «Амма памятникалъ Кутишдерида,*

*Даим биччаларо гьеб к1очон тезе!*

*10.Дарсил х1асил.*

*-- Кинаб кеч1 – шиг1ру нилъеца жакъа малъараб?*

*--Щай «Къункъраби» Ват1ан ц1унулаго хваразе гимнлъун рик1к1унеб бугеб?*

*–Къункъраби роржун унел рихьигун,щай нилъ къварилъулел?*

*--«Хъах1ал къункъраби» - ц1ар кьеялъе г1илла ?*

*Къиматал лъела ц1алдохъабазе,баянги кьун.*

*6. Рокъобе т1адкъай.*

*1.Расул Х1амзатов «Къункъраби» рек1ехъе пасих1го рик1к1ине.*

*2. Щивас.кагътил къункъраги гьабун,гьелъул кваркьиялда хъвай рагъда хут1арал нужерго г1агарлъиялъул ц1арал,ч1ах1ияздаги ц1ехон.*

*-Дарсил каваби рахала –хъах1ал шарал зодоре риччала.Щобил бакъаналдалъун лъуг1ила дарс.*